


Elvaj Kabrit ak Mouton \*

## Leson 2

## Nitrisyon Riminan



Nan 2 desen anwo, poukisa yo mete zèb la nan youn kad bwa oswa mare nan yon pyebwa?

Nitrisyon

Eske bèt ka viv sou yon sèl kalite manje?

Fòk yo jwenn plizyè bagay diferan pou yo ka grandi e rete an sante. Bèt ki lib, ki ap mache chèche manje pou kont yo **preske** ka jwenn tout sa yo bezwen nan 'degaje.' Men bèt lib ka fè anpil dega.

Na gade nitrisyon tout bèt an jeneral, epi apre sa na gade ki sa kabrit ak mouton bezwen.

Gen 5 gwoup Nitriyan (manje) ki itil tout bèt yo. Chak kalite manje tonbe nan youn ou plizyè nan gwoup sa yo. Genyen :

**Dlo Enèji Pwoteyin Minewo Vitamin**

- **Dlo** - li nesèsè pou yo viv e pou yo fè lèt pou bay pitit yo
- **Enèji** – li bay fòs pou yo mache, kouri, fè let, ponn ze, e fè yo gra
- **Pwoteyin** – li bati kò-a, plim yo, ede yo reziste kont maladi yo, e pou bèt volay, pwoteyin enpòtan pou fabrike ze yo
- **Minewo** – Tankou kalsyòm, fè, gwo sel, e fosfò .
- **Vitamin** – li nesèsè pou pwoteje kò bèt la kont maladi

**Dlo**

Dlo se yon nouriti ki pi enpòtan pase tout lòt gwoup nouriti. Kò yon bèt genyen pliske 50% dlo ladan li , e let kabrit e mouton gen pliske 80% dlo ladan li. Gen moun ki toujou panse kabrit pa bezwen dlo. Se vre, si yo pa jwenn, kò kabrit la

degaje l avèk dlo li jwenn nan fèy bwa e zèb. Men ak ti kantite dlo sa a, kabrit la pa ka dijere manje byen, ki fè li p a grandi vit. Ou bezwen mennen mouton ak kabrit nan dlo pwòp chak jou si ou vle yo rete an sante, epi grandi byen.

Gen anpil maladi yo ka pran nan bwè yon dlo kontamine ak vye mikwòb. Bay yo dlo pwòp nan

yon vesò ki pwòp. Pou tèt sa-a chèche yon modèl vesò dlo ki ka lave fasil, men ki pa ka chaviire pa bèt la.

Pou riminan, kochon, e cheval, ou ka fè yon bon «abrewwa » (vesò pou bwe dlo) avèk yon vye bokit: Mete yon kouch siman (plizomwen 1 ou 2 pous) siman anba nan bokit la pou fè l lou.

## **Bèt yo bezwen 5 kalite eleman Pwoteyin**

Kalte eleman sa yo ede bèt yo grandi, devlope, peple epi pwodui lèt. Nou jwenn pwoteyin yo nan zèb vèt, nan legiminez yo ak nan lèt.

### **Sik**


Sik bay enèji ki pèmèt mouton an mache, sote, grenpe ak tout lòt aktivite. Nou jwenn sik yo nan gren yo, nan fwen, nan ansilaj, nan fwi.

### **Vitamin**

Vitamin yo patisipe nan tout fonksyon kò a. Li kenbe bèt yo an sante. Nou kapab jwenn yo nan plant vèt yo, nan fwen, nan ansilaj.



### **Dlo**

75 pousan pwa bèt la se dlo. Kidonk dlo a gen gwo wòl nan sante bèt la. Nou jwenn dlo nan tout zèb ki vèt ak nan lèt. Mouton yo dwe toujou jwenn dlo pwòp pou yo bwè. Pa bay yo dlo ma, dlo sal si gen bon dlo lakay ou.



### **Minewo : kalsyòm, fosfò, sèl**

Minewo sa yo patisipe nan fòmasyon zo ak dan yo osinon nan eskèlèt bèt la. Nou jwenn minewo yo nan konsantre, zo, kokiy, sèl, ak yon ti kantite nan zèb yo. Nou ka fè wòch pou niche ak siman, tè tif, poud zo. Nou ka achete l tou. Pa mete l kote pou l mouye.



## Enèji (Sik)

Enèji se manje ki bay fòs pou travay, ki fè bèt la gra, e ki ede bèt yo fè let e poul yo ponn ze. Bèt ki manke manje ase enèji vin mèg. San enèji bèt chari pa ka travay, epi ekin yo pa ka pote chay.

Epitou, manman yo pa ka fabrike let.

Men plizyesous enèji pou bèt:


- **Grenn** : mayi, diri, pitimi, ble, oswa grenn palmis
- **Rasinn**: manyòk, patat, yanm
- **Kann**: siwo kann, sik, melas, ji kann ou rapadou

- **Lwil**: lwil kizin, mantèg, bè, lwil swif, e lòt lwil manjab yo.
- **Fwi**: bannann, fig, veritab, labapen, zaboka, mango, korosòl

**Men pou Kabrit ak mouton se Fouraj sa vle di Zèb**, ki sous enèji ki pi enpòtan:

Genyen plizyè kalite fouraj nou ka plante pou kabrit nou. Sa vle di genyen zèb ginen, zèb gwatemala, zèb wayal, zèb zetwal, zèb napye, zèb si, e latriye.

## Sous Enèji



Kisa ou we nan desen sa a ? \_\_\_\_\_



*Nou we yon moun kap chache manje pou kabrit li – lap taye zèb yo epi pote yo bay bèt yo pou yo jwenn eneji:*

### **Pwoteyin**

Pwoteyin se yon kalite manje ki fè kad kò a . Li fe kò a grandi. Sa se manje ki bati kò-a, ki fè plim yo pous, epi ki twe enpòtan pou ze yo. San ase pwoteyin, ti bèt yo pa ka grandi byen epi manman yo paka fòme pitit nan vant yo. Plant ki fè gous (Legiminez) trè rich an pwoteyin.

Fèy bwa e fèy lot plant: plante pye bwa tankou doliv, lesena, bwadòm, imotel rami, gomye, pwa vèlvèt, kanpèch, bayawonn, koton swa, kalbas, zaboka, kwòk chyen, pètpèt, kòlkòl, gwayav mawon, elatriye.


Gen 3 lot kalite manje ki gen anpil pwoteyin:  
**Bèt:** Nenpòt bagay ki soti nan bèt tankou pwason, vyann, lèt, ze, e farin san. Ensèk ke poul yo manje chaje ak pwoteyin.



Men 2 « ramp vivan » ki fèt ak bwa Lesena pou pwoteje monn yo. Yo taye Lesena kòm sous pwoteyin


- **Pwa ou gous:** Tout kalite pwa ki soti nan gous ki fann an de mòso tankou pwa kongo, pwa nèg, pwa wouj, e pistach, sa vle di, legiminez.
- **Fèy:** Tout fèy bèt yo dispoze manje se

patat, fèy doliv, monben, gomye, rami, lesena, tcha tcha, e latriye. Men fèy legiminez tankou doliv, imotel, lesena, glirisidya toujou gen plis pwoteyin pase lot fèy yo.




## Sous Pwoteyin

Fèy vèt ou bwa patat ou zepina ou nenpòt plant ki ka fè yon gous




Vyann Ze




Pwason oswa farin pwason




Fwomaj



Lèt oswa lèt an poud



Konsantre Soya farin koton farin pistach



Sàn deseche (sa vle di farin san)

bon sous pwoteyin. Ou mèt bay yo bwa


Men sonje ke kabrit e mouton plis jwenn pwoteyin nan fèy vèt, sitou fèy legiminez. Zèb yo gen mwens pwoteyin ke fèy bwa.

## Minewo

Minewo yo enpòtan pou fè zo, san, sitou globil rouj, let, pou kenbe zo yo solid e anpil lòt bagay. Gen plizyè kalite mineral. Gen kalsyòm, fosfò, fè, sèl (sodyòm), potas, zen, selenyòm, kwiv, e latriye. Kabrit ou mouton ki manke jwenn minewo nan sa yo manje konn mal-devlope, kokobe, e fèb. Kabrit e mouton ki anndan pak pral bezwen minewo anndan manje ou bay yo. Men kote nou ka jwenn minewo:

- **Kalsyòm:** Zo pile, koki, pile, Tif (sab blan), fèy bwa, sitou fèy legiminez
- **Fosfò:** Zo pile, koki pile, pay diri, sondeble
- **Lòt minewo:** fwi, tomat e lot legim, fèy bwa,, san difè, kèk kalite te

Men kijan pou bay sel kizin nan yon kalbas:



## Kòman yo prepare yon melanj minewo?

Pou 4 mamit minewo prepare

- o 10 gode koki kraze fen (oubyen sab lamè)
- o 8 gode vye zo bèt brile e kraze fen
- o 5 gode san dife
- o **1 gode sèl kizin**

## Sous Minewo



Joumou



Sitwon, chadèk, zoranj



Legim




Zaboka



Mango



Zannana



Sèl



Fig



Fèy ou bwa patat ou zepina



Tif

## Vitamin


Bèt yo bezwen yon ti kantite vitamin anndan manje pa yo. Gen plizyè kalite vitamin. Gen vitamin A, B, C, D, E, K. Lè yo pa jwenn vitamin yo konn maldevlope, kokobe, e malad. Dapre vitamin yo manke, chak gen yon sinptom tankou emoraji, anemi, aji fou, e latriye. Men manje ki

konn pòte anpil vitamin:


**Fwi, fey vet, e legim yo.**

Bèt yo jwenn Vitamin D nan solèy ki frape kò yo. Yon bèt nan tonel ki pa janm soti andeyò pral manke vitamin D.


## Sous Vitamin





Joumou



Sitwon, chadèk, zoranj




Legim



Zannana




Zaboka



Mango



Fèy ou bwa patat  
ou zepina



Solèy



Fig

Kabrit e mouton jwenn anpil vitamin nan fèy vèt ak zèb vèt ke yo manje. Mikwòb ki viv nan gwo pans yo fabrike yon vitamin ki rele vitamin B. solèy la bay yo vitamin D.




## Bezwen Nitrisyonel Mache Avèk Laj e Aktivite Bet yo

Lè bèt yo ap grandi, yo bezwen anpil enèji, pwoteyin, minewo, e vitamin pou fè vyann kap fòme kò pa yo. Lè yo fin grandi, yo bezwen yon ti vale pwoteyin pou kenbe kò pa yo anfòm. Lè kabrit ak mouton plenn yo pral bezwen plis ankò pou yo ka fòme pitit la. Le manman mouton ou kabrit la plenn, li vin bezwen plis manje kap bay


enèji ak pwoteyin. Li bezwen plis vitamin E tou.

Plis plenn nan vanse, la bezwen plis manje ki gen eleman sa yo. Le manman kabrit ou mouton ap bay tete, ya bezwen plis pwoteyin, enèji, kalsyòm toujou. Ya jwenn li nan fèy legiminez vèt ansanm ak zèb.



### Men kouman yon elvè mouton kapab amelyore alimantasyon


- 1 Plante fouraj ak lòt kilti tankou bannann, manyòk, patat pou mouton yo ka jwenn fèy yo.
- 2 Toujou bay mouton yo kèk bagay an plis. Manman mouton bezwen sèl toutan. Nou ka plante yon ti moso tè ak legiminez, se tankou yon ti bank pwoteyin. Nou pa dwe fè mouton yo manje nan ti jaden sa plis pase inèdtan chak jou oubyen 2 èdtan twa fwa nan yon semenn.



- 3 Toujou mete dlo ki fre epi pwòp.

Li pi bon pou nou koupe zèb pote bay mouton yo. Konsa, mouton an gaspiye mwens enèji nan al chache manje.

Pa mete manje a atè. Nou ka fè yon treto ak bwa pou mete manje a pou li pa pran vè.



## Epi, fòk ou planifiye pou sezon sech la:

- Plante pye bwa ki gen fèy ke kabrit (e pa fwa mouton manje.
- Fè Fwen
- Fè Ansilaj
- Seleksyone e vann kèk kabrit nan komanseman sezon sech la. Dabitid nan fen mwa Desanm yo vann che.

## Fwen

Kòman pou prepare bon fwen?

Lè gen bon zèb ki toujou byen vèt e jèn, rekòlte kèk pou fè yon depo fwen. Lè ou fè fwen, w ap konsève zèb la pou lè tan sèk.

*Pou konsève fwen an:* mete fwen an andedan yon kay ki pa koule pou li pa mouye paske, si l mouye, l ap gate. Oswa, fè yon pil byen apik pou lè lapli tonbe, li pa antre andedan pil la e konsa, sèlman kouch deyò vin gate. Epitou ou ka kouvri tèt pil la ak pay oswa ak yon plastik pou kenbe l sèk.

Mete pil fwen an sou ròch pou kenbe l sèch anba.

Pou fè fwen an pi gou, ou ka mete kèk grenn sèl nan mitan chak kouch.

Se fwe an ki kenbe kabrit la pandan tan sèk, lè pa gen bon zèb pou manje.

## Men kijan nou ka pèdi fwen an

- a) Fwen an pa t ase sèk anvan estokaj. Sa ka fè li dekonpoze. Sa vle di fwen an chofe pou kont li li vin kwit.
- b) Lapli mouye fwen an e fè li gate.
- c) Fwen an pèdi fèy li paske li twò sèk.

## Refleksyon Jezi lave pye disip yo

Jean 13 v. 1 a 17

¶ Se te jou anvan fèt Delivrans jwif yo. Jezi te konnen lè a te rive pou l' te kite tè sa a, pou li al jwenn Papa a. Li pa t manke renmen moun pa l' yo ki te nan lemonn. Li te renmen yo nèt ale.

Jezi t'ap manje ak disip li yo jou swa sa a. Satan te gen tan pran tèt Jida, pitit gason Simon Iskariòt la, pou l' te trayi Jezi.

Jezi te konnen pou tèt pa l' li te soti nan Bondye, epi li t'ap tounen jwenn Bondye ankò. Li te konnen Papa a te ba li pouvwwa sou tout bagay.

Li leve sot devan tab la, li wete gwo rad li a, li pran yon sèvyèt, li mare l' nan ren li.

Aprè sa, li vide dlo nan yon kivèt. Epi li kòmanse lave pye disip li yo. Li t'ap siye yo ak sèvyèt li te mare nan ren l' lan.

Se konsa, li rive sou Simon Pyè ki di l' konsa: Mèt, ou menm ki pral lave pye mwen?

Jezi reponn li: Koulye a ou pa konprann sa m'ap fè a. Men, wa konprann pita...

Lè l' fin lave pye yo tout, Jezi mete gwo rad la sou li ankò, li tounen nan plas li bò tab la, epi li di yo: Eske nou konprann sa m' sot fè la a?

Nou rele m' Mèt, nou rele m' Seyè. Nou gen rezon, se sa m' ye vre.

Si mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou yonn lave pye lòt.

Mwen ban nou yon egzanz pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an.

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon domestik pa janm pi grannèg pase mèt li. Moun yo voye a pa janm pi grannèg pase moun ki voye l' la.

Koulye a nou konn bagay sa yo. benediksyon pou nou si nou fè menm jan an tou.